

VAKSINASYON POU TOUT MOUN

- + **Vaksen Moderna Kont COVID-19**
- + **Vaksen Pfizer Kont COVID-19** (pou moun ki gen ant 5-11 làne yo)
 - Premye ak Dezyèm Dòz yo
 - Lòt Dòz Anplis Seri Prensipal yo pou Moun ki Iminodeprime yo
 - Dòz Rapèl yo

Disponib isit la pou tout moun ki elijib

Akoz COVID-19 la, li pi enpòtan jounen jodia pou w pwoteje tèt ou ak pwòch ou pou yo pa malad.

Vaksen kont COVID-19 yo san danje epi yo bon anpil pou redui ris pou w malad, etène epi menm mouri.

Ou kapab resevwa yon vaksen kont COVID-19 san w pa peye yon goud.

Aprann plis sou ki vaksen ki bon pou ou. Eskane kòd QR la oswa rele nan **1-844-NYC-4NYC** (1-844-692-4692).

Aprann plis sou
vaksen kont
COVID-19 yo



Aprann plis sou
vaksen kont
grip lan



Kiyès Ki Dwe Pran vaksen kont COVID-19 yo?

Vaksen Kont COVID-19

Pifò moun kalifye kounya pou yo pran vaksen kont COVID-19:

- + Moun ki gen 5 pou rive 11 lène yo ka pran de dòz pou timoun (yon tyè nan fòs) Pfizer-BioNTech lan
- + Moun ki gen 12 lène ak plis ka pran de dòz vaksen Pfizer-BioNTech lan
- + Moun ki gen 18 lène ak plis ka pran de dòz Moderna yo oswa yon dòz Johnson & Johnson/Janssen

Lòt dòz anplis nan seri prensipal vaksen Pfizer, Moderna oswa vaksen Johnson & Johnson kont COVID-19 la

Yo rekòmande dòz anplis nan seri prensipal vaksen mRNA yo pou moun ki te pran dezyèm dòz yo nan yon vaksen mRNA kont COVID-19 oswa yon dòz inik vaksen Johnson & Johnson pou pi piti 28 jou epi ki gen yon sistèm iminitè ki fèb akòz yon tretman oswa yon maladi. Sa ka gen ladan l:

- + Trètman Aktif Kont Kansè
- + Grèf ògan ak medikaman ki redwi fòs sitèm iminitè a
- + Grèf selil souch pandan 2 dènye ane yo
- + Iminodefisyans primè ki modere oswa ki grav
- + VIH avanse oswa ki pa trete
- + Trètman aktif ak yon dòz kòtikòstewoyid byen wo ak lòt medikaman ki afebli sistèm iminitè yon fason modere oswa grav

Ou dwe gen 5 lène oswa plis pou w resevwa dòz anplis seri prensipal Pfizer a epi w dwe gen 18 lène oswa plis pou w resevwa dòz anplis seri prensipal Moderna a. Nan kèk sitiyasyon, yo ka ba w yon vaksen Johnson & Johnson/Janssen kòm yon dòz nan seri prensipal anplis yo. Yo pa rekòmande lòt dòz anplis nan seri prensipal la pou majorite moun ki gen lòt pwoblèm sante tankou dyabèt, maladi kè oswa maladi nan poumon.

Moun k ap pran Dòz vaksen Rapèl Pfizer ak Moderna kont COVID-19 yo

Tout moun ki gen 5 lène oswa plis ta dwe pran yon vaksen rapèl pou pi piti 5 mwa apre yo fin resevwa dezyèm dòz seri prensipal vaksen Pfizer oswa Moderna kont COVID-19 la.

Moun ki te resevwa de dòz vaksen Pfizer oswa Moderna yo sipoze eseye pou yo resevwa menm kalite vaksen rapèl la, men yo gen posibilite pou yo fè yon lòt chwa nan twa vaksen ki otorize Ozetazini yo.

Moun ki gen ant 5-17 lène ki te deja resevwa premye seri dòz Pfizer a, sa gen plis pase senk mwa, yo elijib pou pran vaksen rapèl Pfizer a sèlman.

Moun k ap pran Dòz Vaksen Rapèl Johnson & Johnson kont COVID-19 yo

Tout moun ki gen 18 lène oswa plis ta dwe pran yon vaksen rapèl omwen de mwa apre yo fin resevwa dòz inik vaksen prensipal kont COVID-19 la. Nan pifò sitiyasyon yo pi pito vaksen rapèl Pfizer oswa Moderna (vaksen mRNA COVID-19 yo).

Moun ki iminodeprime ki te resevwa vaksen J&J antanke premye dòz epi yon vaksen mRNA pou piti 28 jou apre antanke yon dòz anplis sipoze pran yon dòz rapèl pou piti 2 mwa apre dòz anplis vaksen mRNA a, sa ap bay an total 3 dòz.

Lopital ki nan sistèm NYC Health + Hospitals yo bay vaksen Pfizer ak J&J. Sit Sante NYC Health + Hospitals/Gotham Health yo bay vaksen Moderna a ak vaksen Pfizer pou timoun ki gen 5-11 lène yo. Pou w ka jwenn yon lis konplè tout kote y ap bay vaksen yo, ale sou sit entènèt nou an nan: nychealthandhospitals.org.